

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa mangrupa pakakas utama dina kahirupan manusa pikeun ngedalkeun pikiran jeung rasa. Basa Sunda minangka salah sahiji basa daérah di Indonésia anu masih kénéh dipiara tur dimekarkeun ku masarakat. Aya opat aspék kaparigelan basa anu perlu dicangkem, éta opat aspék kaparigelan basa téh ngawengku (1) ngaregepkeun, (2) nyarita, (3) maca, jeung (4) nulis. Hiji jalma dianggap ngabogaan kaparigelan basa lamun éta jalma téh parigel ngaregepkeun, maca, nulis jeung nyarita. Maca jeung ngaregepkeun kaasup kana aspék reseptif, sedengkeun nulis jeung nyarita kaasup aspek produktif. Nu jadi puseur dina ieu panalungtikan nya éta masalah kaparigelan nulis. Nulis asalna tina kecap tulis maké rarangkén hareup N-(nasal) anu ngandung harti ‘ngalakukeun’. Tina ieu harti ébréh yén nulis téh mangrupa hiji kagiatan. Dina kamus LBSS (2007: 498) nulis téh nya éta nyieun aksara atawa angka dina kertas jsté ku parantina. Nulis nya éta nurunkeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun basa hiji jalma nepi ka jalma lian bisa nyangkem éta basa tina gambaran grafik tadi (Tarigan, 2008: 22).

Fungsi utama nulis nya éta jadi pakakas komunikasi anu henteu langsung. Nulis kacida pentingna pikeun dunya atikan sabab nulis bisa ngagampangkeun murid-murid dina prosés mikir. Tulisan bisa mantuan mikir kritis, ngadatangkeun ayana persepsi nu jero, bisa ngungkulan pasualan-pasualan anu keur disanghareupan, sarta bisa nyusun runtuyan pangalaman. Tulisan bisa ngajéntrékeun pamikiran-pamikiran anu aya dina diri nu nulis. Cindekna, bisa disebutkeun yén diajar nulis téh taya lian nya éta diajar mikir ngagunakeun cara nu tangtu (Tarigan, 2008: 28).

Nurutkeun Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar pangajaran nulis nu

Reni septiyani nurbudi, 2013

Strategi modeling berbasis teks (smbt) Pikeun ngaronjatkeun kamampuh

Nulis biografi singget

Universitas pendidikan indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

perlu diajarkeun di SMP nya éta nulis biografi singget.

Biografi dibagi dua nya éta biografi singget jeung biografi anu eusina panjang. Nurutkeun Ary (2006: 1) biografi singget nya éta tulisan atawa lalakon kahirupan pribadi hiji jelema kalawan nyaritakeun pakta-pakta ngeunaan pangalaman jeung kagiatan sapopoéna. Sedengkeun biografi anu eusina panjang ngawengku inpormasi-inpormasi penting anu dicaritakeun kalawan detail tur maké gaya nyarita anu hadé.

Nulis biografi téh kawilang penting sabab miboga fungsi pikeun ngalatih siswa dina nganalisis jeung ngajéntrékeun kajadian-kajadian dina kahirupan hiji jalma. Ngaliwatan biografi, siswa bisa mikanyaho katerangan tina paripolah jalma atawa misteri kahirupan hiji jalma pikeun ngajadikeun eunteung dina kahirupan jalma séwang-séwangan (Ary, 2006: 2).

Dumasar kana hasil observasi awal, pangajaran nulis di SMP mangrupa hiji bahasan anu sabagian siswa kurang mikaresep. Ieu masalah jadi bangbaluh pikeun guru di SMP dina ngajarkeun pangajaran nulis, sabab dina pangajaran nulis siswa diperedih mikir ide pikiran jeung nyieun gagasan sorangan. Dina prosés pangajaran tangtu waé guru miboga peran penting sangkan éta pangajaran téh dipikaresep ku siswa. Dina prosés pangajaran, tangtu waé guru miboga tarékah sangkan matéri nulis biografi singget dipikaresep ku siswa, salah sahijina guru ngagunakeun modél pangajaran anu nyiptakeun suasana diajar leuwih aktif, kréatif, jeung ngirut ati para siswa. Numutkeun Joyce, Weil, jeung Calhoun dina Sudaryat (2007: 74) modél pangajaran nya éta deskripsi lingkungan belajar, nu bisa digunakeun salaku rarancang kurikulum, kursus, atawa pangajaran, pikeun milih bahan ajar, program multimedia, sarta ngaping tindakan guru di kelas. Ku kituna, guru kudu bisa ngirut ati siswa ngagunakeun modél pangajaran.

Dina prosés diajar ngajar, modél pangajaran mangrupa hal anu teu bisa dipisahkeun tina kagiatan diajar ngajar. Tujuanana sangkan bahan pangajaran bisa

Reni septiyani nurbudi, 2013

Strategi modeling berbasis teks (smbt) Pikeun ngaronjatkeun kamampuh

Nulis biografi singget

Universitas pendidikan indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

katarima kalawan bisa dipikaharti ku siswa. Ku ayana modél pangajaran bisa leuwih mantuan guru dina nepikeun bahan pangajaran. Ku kituna, modél pangajaran mangrupa salah sahiji kompeténsi anu kudu dikawasa ku sakabéh guru, lantaran mangrupa salah sahiji indikasi anu bakal nangtukeun kana kahontalna tujuan pangajaran (Rahman, 2005: 53).

Strategi modeling berbasis teks (nu saterusna disingget SMBT) mangrupa salah sahiji modél pangajaran hasil transformasi tina segi modéling dasar. Pangna disebut kitu téh stratégi pangajaran nu ngamangpaatkeun téks salaku modél acuan nalika diajar.

Nyoko kana sawatara masalah di luhur, perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran nulis biografi singget di SMP. Panalungtikan ngeunaan SMBT geus kungsi dilaksanakeun ku Yayat Sudaryat jeung Rima Lestari. Sudaryat (2007) nalungtik “Strategi Modeling Berbasis Teks (SMBT) dalam Peningkatan Kompetensi Menulis Bahasa Indonesia (Studi tentang Pembelajaran Menulis Esai pada Siswa YAS Kota Bandung)”, sedengkeun Lestari (2011) nalungtik kalawan judul “Éféktivitas Strategi Modeling Berbasis Téks (SMBT) pikeun nulis surat resmi basa Sunda” (Studi Kuasi Ékspérimén ka siswa kelas VII A SMP Sekolah Laboratorium-Percontohan UPI Kota Bandung Taun Ajaran 2010/2011)”. Anu ngabédakeun eta dua panalungtikan jeung ieu panalungtikan téh dina bahan pangajaran nya éta nulis biografi singget.

Dumasar kana pentingna kagiatan nulis dina pangajaran basa jeung pentingna modél pangajaran dina kagiatan diajar ngajar, ku kituna ieu panalungtikan dijudulan “*Stratégi Modéling Berbasis Teks* (SMBT) pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Biografi Singget (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-B SMPN 19 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)”.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Reni septiyani nurbudi, 2013

Strategi modeling berbasis teks (smbt) Pikeun ngaronjatkeun kamampuh

Nulis biografi singget

Universitas pendidikan indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Biografi nya éta tulisan anu eusina nyaritakeun riwayat hiji jalma. Anu dicaritakeun téh rupa-rupa lalakon anu karandapan dina waktu lila, malah umumna mah puluhan taun. Biasana nu ditulis dina biografi téh tokoh-tokoh nu geus kasohor. Anu disebut kasohor di dieu biasana ukur dina préstasina, nya éta jalma anu enyanya ahli dina widangna. Sabada diidentifikasi, masalah ieu panalungtikan téh nya éta kurangna kamampuh siswa dina nulis biografi singget. Ku kituna, ieu panalungtikan ngaidéntifikasi ngeunaan kamampuh siswa SMPN 19 Bandung dina pangajaran nulis biografi singget ngagunakeun *strategi modeling berbasis teks* (SMBT).

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah, ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya saperti ieu di handap:

- 1) Kumaha prak-prakan pangajaran nulis biografi singget ka siswa kelas VII-B SMPN 19 Bandung taun ajaran 2012/1013 ngagunakeun SMBT?
- 2) Kumaha kamampuh nulis biografi singget siswa kelas VII B SMPN 19 Bandung taun ajaran 2012/2013 saméméh jeung sabada ngagunakeun SMBT?
- 3) Kumaha tingkat signifikansi antara kamampuh nulis biografi singget siswa kelas VII-B SMPN 19 Bandung taun ajaran 2012/1013 saméméh jeung sabada ngagunakeun SMBT?
- 4) Naha SMBT éféktif dina ngaronjatkeun kamampuh nulis biografi singget siswa kelas VII-B SMPN 19 Bandung taun ajaran 2012/2013?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Reni septiyani nurbudi, 2013

Strategi modeling berbasis teks (smbt) Pikeun ngaronjatkeun kamampuh

Nulis biografi singget

Universitas pendidikan indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sacara umum tujuan anu rék dihontal nya éta pikeun ngaronjatkeun prosés diajar-ngajar ngaliwatan pangajaran nulis biografi singget ngagunakeun SMBT siswa kelas VII-B Semester 1 SMP Negeri 19 Bandung.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun:

- 1) Ngadéskrisikeun prak-prakan pangajaran nulis biografi singget ka siswa kelas VII-B SMPN 19 Bandung taun ajaran 2012/1013 ngagunakeun SMBT;
- 2) Ngukur kamampuh siswa kelas VII-B SMPN 19 Bandung taun ajaran 2012/2013 dina nulis biografi singget saméméh jeung sabada ngagunakeun SMBT;
- 3) Ngukur tingkat signifikansi antara kamampuh nulis biografi singget siswa kelas VII B SMPN 19 Bandung taun ajaran 2012/1013 saméméh jeung sabada ngagunakeun SMBT; jeung
- 4) Ngukur éféktivitas SMBT dina ngaronjatkeun kamampuh nulis biografi singget siswa kelas VII-B SMPN 19 Bandung taun ajaran 2012/2013.

1.4 Manfaat Panalungtikan

1.4.1 Manfaat Teoritis

Mangpaat teoritis dina ieu panalungtikan nya éta pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan modél pangajaran anu hadé dina pangajaran nulis biografi singget. Salian ti éta, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun dijadikeun hiji bahan literatur pangajaran di sakola, anu tujuanana pikeun ngaronjatkeun kaparigelan siswa dina nulis biografi singget.

1.4.2 Manfaat Praktis

Salian ti mangpaat teoritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat praktis, di antarana pikeun:

- a. dunya atikan, dipiharep bisa ngaronjatkeun kualitas pangajaran basa jeung sastra

Reni septiyani nurbudi, 2013

Strategi modeling berbasis teks (smbt) Pikeun ngaronjatkeun kamampuh

Nulis biografi singget

Universitas pendidikan indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sunda;

- b. panalungtik, bisa meunang gambaran ngeunaan kamampuh nulis biografi singget siswa kelas VII-B SMPN 19 Bandung taun ajaran 2012/1013 saméméh jeung sabada ngagunakeun SMBT sarta bisa mikanyaho kaéféktifan SMBT pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa kelas VII-B SMPN 19 Bandung taun ajaran 2012/1013 dina nulis biografi singget;
- c. guru, dipiharep dijadikeun alternatif pangajaran di kelas sangkan siswa bisa mikaresep kana matéri nulis biografi singget;
- d. siswa, bisa nambahan pangalaman siswa dina pangajaran nulis.

1.5 Raraga Tulisan

Eusi poko ieu skripsi téh aya lima bab. Dina bab I dipedar kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah, tujuan panalungtikan, métode panalungtikan, mangpaat panalungtikan sarta raraga tulisan nyusun skripsi. Dina bab II dipedar ngeunaan Ulikan Tiori, raraga mikir, jeung hipotésis panalungtikan. Dina bab III dipedar lokasi jeung sumber data panalungtikan, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, tehnik ngumpulkeun data, jeung analisis data. Dina bab IV dipedar ngeunaan hasil panalungtikkan SMBT dina panagajaran nulis biografi singget siswa pikeun siswa kelas VII B SMP Negeri 19 Bandung tur nguji hipotésis anu dirumuskeun dina bab I. Dina bab V dipedar ngeunaan kacindekan jeung rékoméndasi kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun.

Reni septiyani nurbudi, 2013

Strategi modeling berbasis teks (smbt) Pikeun ngaronjatkeun kamampuh

Nulis biografi singget

Universitas pendidikan indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu